

# Vaksen Zoster (Zona) Rekonbinan, RZV: Sa Ou Dwe Konnen


Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)  
Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang kreyòl ayisyen ak nan lòt lang. Gade nan [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

## 1 Poukisa moun dwe pran vaksen?

**Zona** (ke yo rele tou èpès zoster, oswa zoster tou senpman) se yon gratèl nan po ki fè mal, souvan avèk ti zanpoud. Se viris varicella zoster ki lakòz moun gen zona, menm viris ki lakòz varisèl la. Apre ou te gen varisèl, viris la rete nan kò w epi li ka lakòz zona pita nan lavi w.

Ou pa kapab pran zona nan men yon lòt moun. Men, yon moun ki pa te janm gen varisèl (oswa ki pa te pran vaksen kont varisèl) kapab pran varisèl nan men yon moun ki gen zona.

Anjeneral yon gratèl zona parèt sou yon bò figi oswa sou yon bò kò epi li geri nan lespas 2 a 4 semèn. Sentòm prensipal li se doulè, ki kapab grav. Lòt sentòm yo kapab gen ladan lafyèv, maltèt, frison, ak lestomak deranje. Trè raman, yon enfeksyon zona kapab lakòz nemoni, pwoblèm pou tande, moun vin avèg, anflamasyon sèvo a (ansefalit), oswa lanmò.



Pou apeprè 1 moun sou 5, doulè grav kapab kontinye menm lontan apre gratèl la ale. Yo rele doulè ki dire lontan sa a nevràlji pòs-èpètik (Post-Herpetic Neuralgia, PHN).

Zona pi kouran anpil sou moun ki gen laj 50 an oswa plis, pase sou moun ki pi jèn, epi risk la ogmante avèk laj. Li pi kouran tou sou moun ki gen sistèm defans kò yo ki febli akòz yon maladi tankou kansè, oswa medikaman tankou estewoyid oswa kimoterapi.

Omwen 1 milyon moun gen zona chak ane Ozetazini.

## 2 Vaksen kont zona (rekonbinan)

An 2017, FDA te apwouve yon vaksen rekonbinan kont zona pou fè prevansyon zona. Nan etid klinik, li te efikas plis pase 90% nan prevansyon zona. Li ka diminye chans pou gen PHN tou.

Yo rekòmande de dòz, ak entèval 2 a 6 mwa, pou **granmoun 50 ak piplis**.

Yo rekòmande vaksen sa a tou pou moun ki resevwa deja vaksen vivan kont zona a (Zostavax). Pa gen viris vivan nan vaksen sa a.

## 3 Sèten moun pa dwe pran vaksen sa a

Di founisè swen ou si w:

- **Gen nenpòt alèji grav, ki mete lavi an danje.** Yon moun ki te gen deja yon reyaksyon alèjik ki menase lavi apre yon dòz vaksen rekonbinan kont zona, oswa ki gen yon alèji grav ak nenpòt eleman nan vaksen sa a, yo gendwa konseye pou moun sa pa pran vaksen an. Si ou vle enfòmasyon sou eleman ki konpoze vaksen an, mande founisè swen sante w.
- **Ansent oswa ap bay tete.** Pa gen anpil enfòmasyon sou itilizasyon vaksen rekonbinan kont zona nan fanm ansent oswa fanm k ap bay tete. Founisè swen sante w ka rekòmande pou w pran vaksen an pita.
- **Pa santi w byen.** Si w gen yon maladi lejè, tankou yon rim, ou ka petèt pran vaksen an jodi a. Si w malad nan fason modere oswa grav, ou ta dwe petèt rete tann jiskaske w refè. Doktè w kapab ba ou konsèy.

**4****Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen**

Avèk nenpòt medikaman, gen yon chans pou reyaksyon, vaksen ladan tou.

Aprè vaksinasyon rekonbinan zona, yon moun ka gen:

- Doulè, po vin wouj, sansib, oswa demanjezon nan kote ou pran piki a
- Maltèt, doulè nan misk, lafyè, frison, fatig

Nan esè klinik, pifò moun te gen yon bra fè mal avèk doulè lejè oswa modere apre vaksinasyon an, epi sèten moun te gen tou wouj ak anflamasyon kote yo te pran piki a. Sèten moun te santi yo fatige, yo te gen doulè nan misk, yon maltèt, tranbleman, lafyè, doulè nan vant, oswa kèplen. Apeprè 1 moun sou 6 ki te resevwa vaksen zoster rekonbinan an te gen efè segondè ki anpeche yo fè aktivite regilye yo. Sentòm yo te ale poukont yo nan 2 a 3 jou apeprè. Efè segondè yo te pi kouran nan moun ki jèn yo.

Ou dwe resevwa dezyèm dòz vaksen zoster rekonbinan an kanmenm, menmsi ou te gen youn nan reyaksyon sa yo apre premye dòz la.

**Lòt bagay ki ta ka rive apre vaksen sa a:**

- Pafwa moun endispoze apre pwosedi medikal, apre yon vaksen tou. Chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit kapab ede anpeche endispoze ak blese si w tonbe. Fè founisè swen ou konnen si ou santi toudisman, oswa ou gen chanjman nan vizyon oswa si zòrèy ou ap boudonnen.
- Sèten moun gen doulè nan zepòl ki kapab pi grav ak dire pi lontan pase doulè moun kapab santi dòdinè apre enjeksyon. Sa rive trè raman.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèjik grav. Yo estime kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen se mwens pase 1 ka sou yon milyon dòz, epi sa ta rive nan lespas kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans pou yon vaksen koze yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwòle sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: [www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

**5****Kisa k ap pase si gen yon pwoblèm grav?****Kisa mwen dwe chèche?**

- Chèche nenpòt bagay ki enkyete w, tankou si yon reyaksyon alèjik grav, lafyè ki wo anpil, oswa konpòtman anòmal.

Siy yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, toudisman ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse anjeneral nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

**Kisa mwen dwe fè?**

- Si ou panse se yon **reyaksyon alèjik ki grav** oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa ale nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele founisè swen sante ou.

Aprè sa, yo dwe rapòte reyaksyon an nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Sistèm Rapò sou Efè Segondè Vaksen). Doktè ou dwe fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou kapab rele nan 1-800-822-7967.

*VAERS pa bay konsèy medikal.*

**6****Kijan mwen kapab aprann plis enfòmasyon?**

- Mande founisè swen sante ou. Li ka ba ou yon avi ki vini ak vaksen an oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la. **1-888-767-4687**
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi):
  - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè you rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremman an.

Vaccine Information Statement

**Recombinant Zoster Vaccine**

2/12/2018

Haitian Creole

Office use only



DCH-1189HC

AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Translation provided by the Immunization Action Coalition